ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№39 (23.447) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Иджыпсту нэхъыщхьэр хэкІуэдахэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэнырщ икІи уэсукхъуэм къихьа хэщІыныгъахэр гъэмэщІэным хуэгъэзауэ щІэн хуей псори зэфІэзыгъэкІынырщ

Іуащхьэмахуэ лъапэ къещцеха уэсукхъуэм щІыхуэхэр зэрыхэкІуэдам къыхэкІыу, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къызэригъэувам тету, а щІыналъэм щолажьэ гуэзвэгъуэр къыщІэхъуа щхьэусыгъуэр, абы хэкІуэдахэр хэт сымэми зэхэзыгъэкІ комиссэр.

ФЭБЖЬ зыгъэута, ауэ псэууэ къела зыр идыжпсту сымаджэщым щІэльщ икІи абы зыхуеину медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псори ират. «Иджыпсту нэхъыщхьэр хэкІуэдахэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэнырщ икІи уэсукхъуэм къихьа хэщІыныгъахэр гъэмэщІэным хуэгъэзауэ зыхуэфащэ Іуэху псори зэфІэгъэкІынырщ», - кІыхьигъэщхьэкуКІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Дыгъуасэ сыхьэт 12-рэ дакъикъи 3-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ Чегет бгым и ищхьэрэ нэкІум уэсукхъуэ къыщехащ. КъегъэлакІуэхэм абы хэкІуэдауэ щІыхуиплІ къагъуэтыжащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэ.

Курыт еджапІэхэм гулъытэ хэха хуащІ

КЪБР-м и премьер-министр Мусуков А. ТІ. КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ. Абы къыщащтащ ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зиІэ унагъуэхэм ящыщу зи псэупІэр егъэфІэкІуэн хуейхэм я спискэ зэгуэтыр. Абы иратхащ республикэм и щыхуу 2005 гъэм щІыщылъэм и 1-м ипэ къыхуэу учётым ягъэувахэм ящыщу 530-рэ. Спискэр зэхалъхьащ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм къабгъэдэкІа официальнэ бжыгъэхэм ябгъэтхэ.

ЗЭІУЩІЭМ щыдАІыгъащ фэтэр куэд хуэ псэупІэ унэхэм хиубыдэ Іыхьэ мыгуэшар капитальнэу зэрагъэпэщыжьын папщІэ щІыхуу щхьэхуэхэм халъхьэ взносым щыщ яхуэпщынЬжьынымкІэ къащта къалэнхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн ахъшэу сом мелуани 4-рэ мин 880-рэ федеральнэ бюджетым и субсидиеу 2017 гъэм кьыхэгъэкІыным хуэгъэзауэ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэр.

Апхуэдэу Правительствэр хэпльащ «Узышагъэр хъумэным зегъэужьыныр» къэрал программэм хиубыдэу щІыхуэхэм ират дэІэпыкъуныгъэ хэхахэр технологие лъагэхэр къэгъэсэбэпыным тещІыхьахэр) егъэфІэкІуэнымкІэ Іуэхуэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым и субсидиеу сом мелуан 15-рэ мин 440-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуэутІыпщынымкІэ зэращІылІэну зэгурыІуэныгъэм и проектым. ПыуухьикІауэ яубзыхуащ хущхъуэхэр къэщэхуным, ахэр аптекэхэм яІэрыгъэхъэным, учёт щІыным, апхуэдэу узыфэхэр зэрызэхагъэкІ Іэмэпсымэхэр къэщэхуным, узыфэ нэхъ хьэлъэхэр зэхэгъэкІынымрэ гъэхъужьынымрэ текІуэдэну ахъшэр къызэрыщэрагъэпэщыну щІыкІэр.

Республикэм и еджапІэхэм папщІэ автотранспортыр кьагъащІэрэщІэжьыным, автобусхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щІыным хуэгъэзауэ зэман пыуухьикІам кьриубыдэу зэфІагъэкІынымрэ лэжьыгъэхэр. КъызэрабжамкІэ, 2017 - 2019 гъэхэм кьриубыдэу сабийхэр къызэрырашэкІ автобусхэм я бжыгъэр 130-м нагъэсынущ.

КЪБР-м и Правительствэм и унафэкІэ ЯубзыхуащІ СССР-м, Урысейм Іэщэ щІынымкІэ и конструктор, Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм тІэуней рэ и ЛІыхъужь, Лениным и саугъэтыр зрата Калашников М. Т. къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа иджыпей гуфІэгъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр. Абы хагъэхьащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Правительствэм и зэІущІэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым КЪБР-м къегъэщыпІа и федеральнэ инспектор Кануннков В. А.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Франджым и Іэнатіэ цыкІуэхэмрэ курытхэмрэ я лІыкІуэхэм куэдкІэ дыкъагъэгугъэркъым, ауэ КЪБР-м и щІыналъэм сэбэп щыхъуну хуейщ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм гъатхэпэм и 2-м щрагъэблэгъащ Овернь Рона-Альпы (CGPME) щІыналъэм (Франджы) и хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ цыкІуэхэмрэ курытхэмрэ зэдай конфедерацэм и лІыкІуэхэр. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий.

ФРАНДЖЫМ къыбгъэдэкІыу абы хэтащ конфедерацэм и вице-президент Тыюркэ Франсуа, а зэгухьэныгъэм и лІыкІуэу Урысейм щыІэ Молле Шарль, «Урысейм и щІэгъэкъуэн» ООО-м и Къэрэшей-Шэрджэс щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Пиляров Алий сымэ.

ХьэщІэхэр кьытхуеблэгъащ ди щІыпІэр, республикэм и унафэщІхэр зрагъэщІыхуну, франджы инвесторхэр зыхьихьэну предприятэ зэхэтхэр къызэрагъэпэщын, иужькІэ я мылькур къыщагъэсэбэпын, зэдэлэжьэн папщІэ щыІэ проект нэгъэсахэм зыхагъэгъуэзэну, лъэныкъуитІ зэпыщІэныгъэхэр зэтраухуэну.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий кІэщІу къытеувыІащ республикэм нэхъыщхьэу зыщцызыужь Іэнатіэхэм, псалъэм папщІэ, туризмэмрэ агропромышленнэ комплексымрэ.

- Иужьрей илъэсхэм ди деж мэкъумэш хозяйствэм хъарзынэу зыщеужь, псынщІэу хэхъуэ жыг хадэхэр гъэкІыным, хадзэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ хъуманІэхэр ухуэным тещІыхьа инвестицэ проектышхуэхэр, технологие пэрытхэм тету, дзэгъэщІащ. Туризмэм и Іэнатіэхэм ящыщу санаторэ-курорт, бгы-лыжэ комплексым гугъэфІхэр худиІэщ, апхуэдэу нэгъуэщІ Іуэхушхуэхэри здзгъэхъулІэну ди мурадщ, - кьиГъэлъэгъуащ Мусуков Алий.

Вице-президент Тыюркэ Франсуа абы фІыщІэ хуищІащ хьэщІагъэ зэрырахам папщІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ проектхэм зыхигъэгъуэзэну зэригуапэр кьыхигъэщащ.

- ДыкъэзыгъэкІухьар куэдкІэ фыкъэдгъэгугъэну аракъым, атІэ туризмэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ ятеуху проектхэр куэдгъэутын щхьэкІащ. Ар кьыдэхъулІэмэ, лъэныкъуэхэр фейдэ пылъу зэдэлэжьэным хуэфащэ щытыкІэ кьыхуэзгъэпэщыным сыхущІэкъунущ, - кьыхигъэщащ Тыюркэ Франсуа.

ИужькІэ хьэщІэхэр Шэрэдж районым кІуащ, абы и турист-рекреацэ щІыпІэхэр зрагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу дыгъуасэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІащ.

Франджым и предприятэ цыкІуэхэмрэ курытхэмрэ зэдай конфедерацэр (CGPME) а къэралым и Іэнатіэ цыкІуэхэр, курытхэр, и бизнесышхуэр зэзыгъэуІу, пщІэшхуэ зиІэ организацэщ. Абы и лэжьыгъэр франджыхэм я процент 83-м даІыгъ. Франджым и предприятэ ину 243-рэ, бизнес курытым и компаниеу мини 5, бизнес цыкІумрэ курытымрэ я Іэнатіэу 313000-рэ конфедерацэм хэтщ. Федерацэрэ профсоюзу 200-м, апхуэдэу предприятэу мини 6-м щІигъум и сэбэп зыхэлъхэр абы ехъу-мэ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● КЪБР-м и Парламентым

ЩІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хощІ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэм щедэІуащ КЪБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм 2016 гъэм зэфІигъэкІам.

КЪР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр **Ромашкин Игорь** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ республикэм щалэжь щІэпхъаджагъэр процент 11-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар: щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр процентитІкІэ, ику итхэм - процент 20,2-кІэ, мыхьэлъэхэр - проценти 6,1-кІэ.

Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым етІуанэ увыпІэ иІыгъащ щІэпхъаджагъэу ятхам и бжыгъэр зэрынэхъ мащІэмкІэ. Цыхьу ауКІыным епха щІэпхъаджагъэм и бжыгъэм процент 37-рэ хуэдиз хэщІащ, цыхьм ныкъуэдыкъуагъэ игъуэту яубзрэжьыным - процент 12-кІэ, хъунщІэм - процент 17-кІэ, дыгъуэм - процент 19-кІэ, еІуящІэ Іуэхуэхэм - процент 80-кІэ, транспорт къэдыгъуным - процент 60-кІэ.

Ромашкин Игорь къыхигъэщащ Іуэхущ Іам и Іэщ Іагъэ зІІэхэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэхэри 2016 гъэм зэрызэфІагъэкІар. Псалъэм папщІэ, нэгъабэ гулъытэ хуащІащ я лэжьакІуэхэр унэкІэ къыззгъэпэщыным. Лэскэн, Шэрэдж районхэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ я щІыпІэ къудамэхэм я унэщІэхэр. Іэщ Іагъэ Іэ Іхэм папщІэ фэтэри 130-рэ иджыри ящухуэну я мурадщ.

- 2016 гъэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэр хабзэм зэребэкІуамрэ ялэжьа щІэпхъаджагъэхэмрэ ятеуху тхыгъэ мин 56-м хэпльащ, «дзыхь зрагъэз телефон»-мкІэ цыху миным щІигъум зыкъыгъуагъэзащ, - жиІащ министрым. - ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъума, ялэжь щІэпхъаджагъэхэм хэщІын папщІэ, псом я щхьэр ар къэмыгъэхъуным теухуауэ лэжьыгъэ егъэкІуэкІынырщ. Кьапщтэмэ, щІэпхъаджагъэ хьэлъэу 100-м, административнэ хабзэншагъэу мелуаным щІигъу кьыззэпыдудащ. Къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 770-м нэблагъэ. Нэхъ иткІэ щІэпхъаджагъэ ялэжьауэ иджыри апхуэдэ Іуэху зезыхуэхэр процент 15-кІэ нэхъ мащІэ тщІащ.

КЪР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм Іэжьыгъэ Іэщ Іагъэхэр ирегъэкІуэкІ щІалэгъуалэм хабзэр къыззпемыгъэудыным ехьэІлаУи. Псалъэм папщІэ, нэгъабэ миным щІигъу рейд къыззрагъэпэщащ, балигъ ныбжьым нэмысауэ хабзэм ебэкъуа ныбжьыщІэ 257-рэ учётым ягъэуващ, абы щыІэу 30-м я еджэнгъэм прагъэщэжащ.

Мы зэманым къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэм я учётым щытщ зэпымыууэ зыкІэлъыплъ ныбжьыщІэ 251-рэ, унагъуэ хуэмыщІауэ 170-рэ.

- Уэрамэмрэ цыху зэхуэсыпІэхэмрэ хабзэр щагъэззэщІэным кІэпльыныгъэ полицэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Мыбдежи зэфІэкІ хъарзынэхэр щыдиІэщ - апхуэдэ щІыпІэхэм щІэпхъаджагъэу щалэжьым процент 16-кІэ хэдгъэщІащ. Гъэгъум хабзэр къызэрыщІззпаУд Іуэхуу мелуаным нэблагъэ къыщІэдгъэщащ, къуэдыуэ сом мелуан 755-м щІигъу ятхащ. Абы щыщу сом мелуан 400-м нэблагъэ къыІахыжащ, - жиІащ Ромашкин Игорь.

2016 гъэм къыщІагъэщащ щІэпхъаджагъэхэр мини 5-м ноблагъэ. 2014 гъэм къыщыщІздзауэ республикэм щІэпхъаджагъэ зэхуэмыдэхэр щалэжьауэ щІыхуэ 12 къаубыдащ. Къыщ Іамыгъэщ Іауэ кьанэ щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр процент 21-кІэ нэхъ мащІэ ящІащ. Министрым зэрыжиІамкІэ, абы и Іъныкъуэкіэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ нэхъыбапІщІым еханэ увыпІэр щІиГъыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым.

Ромашкин Игорь къыхигъэщащ 2016 гъэм хабзэхъумэ Іэхущ Іам Іэхэм я лэжьакІуэхэм екъэлІауэ щІэпхъаджагъэу 7 зэрялэжьар. МВД-м и Іэщ Іагъэлу 2 яуклащ, УФСБ-м и республикэ къудамэм и зы цІыху.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм къыщІагъэщащ щІэпхъаджащІэхэм зэман кІыхькІэ яІа щыгъэпщкІуплъэу 2-рэ Іэщэхэр щІахьмэ щІыпІэу 33-рэ.

ЗэІущІэм Ромашкин Игорь щытепсэлъыхьащ щІалэгъуалэр зауКІыжьым тезыгъэгушхуэ гуп Интернетым зэрысым. Министрым кьыхигъэщащ Кавказ Ищхьэрэм и республикэ зыбжанэм апхуэдэ Іуэхугъуэхэр къызэрыщІыхьуар. Депутатхэр зэакъылэгъущ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я закъуэ къаруКІэ абы уэзэрыпэмыльэщІыну, адэ-анэхэр, психологхэр, егъэджакІуэхэр зэкъуэузэ зэрыхуеймкІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Депутат лэжьыгъэ

ЛъэІу зиІэхэм я зэхуэдитІым доІэпыкъуф

Гъатхэпэм и 2-м УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щ Іхьэгъуш Адэлбий КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щ Іыхуэхэм щ Іагъ Іащ.

ДЕПУТАТЫР зыдагъэІэпыкъуну хуейуэ кьэкІуахэм я лъэІу зыхуэдэм теухуауэ абы жиІащ:

- Хущхъуэ гъуэтыгъуейхэр кьаІэрыхьэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу дыхъну, я узыфэхэм ирагъэІэзэн папщІэ кьалэшхуэхэм е хамэ къэралхэм дгъэкІуэну щІэлъэІуу куэд кьэкІуалІэ. Ди жагъуэ зэрыхъунци, абыхэм я нэхьыбэм кьефыкІыр лыых узырщ. КьокІуэ псэупІэ зимыІэхэр, хамэ къэрал, нэгъуэщІ кьалэ щеджэну щІэхъуэпсхэр, лжьыгъэ лъыхъуэхэр, куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэм лъэІукІэ зыхуагъэзауэ, гулъытэ зымыгъуэта цІыхухэр.

Щхьэгуэшым зэрыжиІамкІэ, дэтхэнэми зыщІагъэкъуэфыркІым, абы щхьэусыгъуэ иІэщ.

- ЕджапІэ Іуэхукіэ Урысейм и кьалэхэм кІуэну хуейуэ дэІэпыкъуэгъу лъыхъуэхэм ящІапхъащ ныбжьыщІэр зыщІэтхэу зыщІэхъуэпсу еджапІэ нэхъыщхьэмэ зыхтригъащІэ предметымкІэ кьыдэлэжьэн егъэджакІуэ иІэн зэрыуейр. Адрейр псори зэлъытэжар езы ныбжьыщІэращ, ЕГЭ-м зэрыпэлъэщыщ. ЗэрытщІэщи, арыншауэ зы еджапІи УзыщІэфынкъым. ПсэупІэ щІэлъэІухэм я Іуэхур щхьэхуэу зехуэн хуейщ, Іэмал имыІэу. Общежитым щІэсхэм я бжыгъэм хохъуэ, дызыдэІэпыкъуфыр мащІэщ. Налшык и Ингуш уэрамым тет общежитым щІэсхэм ящыщ тхьэусыхафэ иІэу къэкІуащи, си дэІэпыкъуэгъуэм пщэрылъ хуэсщІынчущ езым и нэкІэ Іуэхур зытетыр зригъэлъагъуну. Лэжьыгъэ, нэгъуэщІ Іуэхукіэ унафэщІхэм екІуалІэхэм «хьэуэм» къищынэмыщІауэ, зэхахьи хуейщ чэнджащ гуэр. Ар кьыгурыІуапхъэщ дэтхэнэ къулыкъущІэми. Дэ псори дыщІэлэжьэжьыр цІыухэращ. Апхуэдэу фІэкІа мылэжьэф унафэщІым езым унафэ хуэщІын хуейуэ аращ, цІыхухэр игъэтхъэусыхэмэ, - жиІащ депутатым.

ЗыдэІэпыкъуфхэм я бжыгъэм теухуауэ, ЩхьэгуэшымзэрыжиІамкІэ, абыхэм я зэхуэдитІыр арэзы ящІыф. Ар мащІэкъым, ауэ зэрыхуейм хуэдэуи куэдкъым. НобжкІэ депутатым кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжьар зыщ - цІыухэхэм сэбэп яхуэхъуфу адэкІи лэжьэнырщ.

- Іэмал щІэзхэмэ, дэтхэнэми дыдэІэпыкъунущ. Зиужь дихьа лъэІур зы махуэм къыщыщІздзауэ мазищым кьриубыдэу щызэфІэдгъэкІ къохъу. Ар лъэІур зыхуэдэм елъытащ, - кьыхигъэщащ Щхьэгуэшым.

ФЫРЭ Анфисэ.

Нэхъ цІэрыІуэ тІощІым хабжэ

«Рейтинг» хьыбарегъащІэ коммуникацэхэмкІэ центрым игъэхьэзыра лъэпкъ рейтингым ипкъ иткІэ «Іуащхьэмахуэ» курортыр Урысейм и турист Іуэхущ Іам Іэ нэхъ цІэрыІуэу тІощІым ящыщу къалъытащ.

АБЫ папщІэ зэупщІахэм Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми исхэм ящыщхэр яхэтщ. Зэупщ Іахэм ящыщу процент 95-м апхуэдэ курорт зэрыщцІэр ящІэ, процент 84-м я дежкІэ Іуащхьэмахуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым пыщІащ, процент 78-м жаІащ, яхуэзфІэкІмэ, республикэм къэкІуэну ирикІ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэр зрагъэлъагъуну зэрыхьэзырыр.

Хьыбарегъащ Іэ агентствэхэм къатахэм ялпкъ иткІэ КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэм игъэхьэзыращ.

«Социальнэ хьэрычэтыщІэ» проектхэм я урысейпсо конкурс

Хъыбар фыдогъащІэ «Ди къэкІуэнур» щІыналъэ социальнэ программэхэмкІэ фондым 2017 гъэми «Социальнэ хьэрычэтыщІэ» проектхэм я урысейпсо конкурсыр егъэкІуэкІыным зэрыпищэмкІэ.

МЫ ЗЭПЕУЭР зытеухуар социальнэ мыхьэнэ зиІэ хьэрычэт Іэнатіэм пыщІа щІыналъэ проект нэхъыфІхэр кьыхэхынырщ, ахэр гъэззщІэнымкІэ финансхэр кьызэгъэпэщынырщ, проектхэр щагъэзащІэ лъэхъэнэм социальнэ хьэрычэтыщІэхэм консалтинг, информацэ дэІэпыкъунымкІэ ятынырщ.

Конкурсым хэт хъунущ сатум пымыщІа Іуэхущ Іам Іэхэр, хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ мыинхэм яІэщІэлъ коммерческэ организацэхэр, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэр, ахэр Урысейм и щІыналъэм щылажьэмэ икІи социальнэ мыхьэнэ зиІэ хьэрычэт Іуэхукіэ я проектхэр конкурсым къагъэхьамэ.

Конкурсым щытекІуахэм езыхэм кьыхалъхьа проектхэр ягъэззэщІэн папщІэ проценткІэ ахъшэ темыхуэу щІыхуэу кьыхуауТІыпщынщ сом мини 150-м щегъэжьауэ сом мелуан 10-м нэсыху.

Конкурсым хэтыну хуейкэм заявкэхэр кьыІах 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху.

Нэхъ зыубгъуауэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ щІыкІэм щыгъуазэ зыщыфщІ хъунущ **www. nb-fund. Ru** сайтым.

Ди телефоныр: **8(800) 33-68-78**, адэжкІэ бжыгъэу 1 щІагъуэ. Мы телефоныр пщІэншэу мэлажьэ сыхьэти 9-18-хэм кьриубыдэу.

КЪБР-м и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хиубыдэ ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІын е зэрагъэпэщыжын папщІэ сом мелуан щитІым щІигъу кьыхуаутІыпщ

«2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщІэным хиубыдэу псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іам Іэхэр ящІын е зэрагъэпэщыжын папщІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу пІІым субсидиехэр яхуэхэныным теухуа унафэр Урысей Федерацэм и Правительствэм къищтащ.

Абы итхэ иткІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 200-м щІигъу кьыІэрыхьэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэ.

2017 гъэм гъатхэпэм и 5-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм ирегъэкІуэкІ «Адыгэхэм я дуней» республикэ дауэдапщэр

Сыт ар зыхуэгъэпсар?

Конкурсыр ирагъэкІуэкІ тхыдэм, бзэ щІэныгъэм, литературэ творчествэм, кином, адыгэхэм къадекІуэкІ Іэщ Іагъэхэм нэхъ куууэ хэзыщІыкІ сабий зэчиифІэхэр гъэбелджылыныр абыхэм защІэгъэкъуэнымрэ хуэгъэзауэ.

Зэпеуэм зыхуигъэувыж къалэнхэр

Апхуэдэхэм ящыщщ:

щІалэгъуалэм я зэхэщІыкІыр, абыхэм творчествэмкІэ ябгъэдэль зэфІэкІхэр утыку къиІлъхьэныр;

щІалэгъуалэр Хэкур фІыуэ яІагъуу, гуэздджэмрэ дахагъэмрэ я гум етауэ къэгъэхъуныр;

нэхъ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэль сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ адыгэхэм я хабзэ нэхъыфІу дунейм цІыхуу тетыр зыдэплъей хъунухэр хэІущІыІу зыщІ фильмхэр гъэхьэзырыным жыджэру кьыхэщІэныр;

къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм яку дэлъ творческэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныр;

автор ныбжьыщІэхэр адыгэхэм я щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ, усыгъэхэм я щапхъэ нэхъыфІхэм щыгъуазэ щІыныр.

Іуэхур щекІуэкІыну щІыпІэр

«ЛъэпкъЕ Іэщ Іагъэхэр», «ЛъэпкъЕ шхыныгъуэхэр» номинацэхэмкІэ - **Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщІапІэм (Щоджэнц ІыкІум и уэрам, 6)**;

«Тхыдэр», «Хэкур джыныр», «Щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр», «Культурологие», «Генеалогие», «Кино», «Литературэ щІэныгъэ», «Лингвистикэ», «Литературэ творчествэ», «Хореографие», «Вокал», «ЦІыхубэ джэгукІэхэр», «Музыкэ», «ЛъэпкЕ макъамэ Іэмэпсымэхэр» номинацэхэмкІэ - **«Лэгъупыкъу» санаторэ (Долинск)**.

Зэпеуэм щыцІдзэнрэ сыхьэти 10-рщ.

ФыщІэупщІэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: **42-58-34; 8-928-910-99-75**

■ Іуэрыуатэ - дыщэ пхъуантэ ■ Хъыбарыщ Іэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, Радио нэтыпхэр ■ Матъхъэдис

НэхъыфIхэр ягъэпажэ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Урысей МЧС-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Махуэшхуэ зэхыхьэм кърагъэблэгъат , Урысей МЧС-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, абы и къудамэхэм я лэжьакIуэхэр, ветеранхэр.

-ПщIэ зыхуэтщI нэхъыжьыфIхэ, ди лэжьэгъуэхэ. Офицерым и лIыгъэр, хахуагъэр, и пщIэр зыгъэпсагъуэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу. Увыншагъэрэ дрэжэгъуэрэ фIеIэу, фи кьалэным фыхуэпэжу, гугъуехьхэм фыпэлъэщу фыпсэуну си гуапэщ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Урысей МЧС-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Борисов Вячеслав**.

Нэхъыжьхэм я цIэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Управленэ нэхъыщхьэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Дзугаев Георгий**.

ЩIалэгъуалэр Хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэным хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ щIыхь тхылъхэр иратащ Урысей МЧС-м и ветеранхэм.

Урысей МЧС-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Аппоев Хьэсэн, Урысей МЧС-м и ЩIыхь тхылъхэр иратащ Вариев Сергей, Балъкъэр Заур, Къуэщы-сокъуэ Албэч, Багаутдинов Руслан, Жанджэрий Тимур, Бэч МуIэед, Къущхьэ Аскэрбий, Саламов Сергей сымэ.

«Урысей МЧС-м и дохутыр-IэщIагъэлI» щIыналъэ зэпеуэм япэ увыпIэр къыщызыхьа Хьэдзыгъуэ Артур 1-нэ нагъыщэ зиIэ диплом иратащ. Ар мафIэсышхуэхэр гъэункIыфIыным хуэщIа частым и дохутыр-IэщIагъэлIщ.

Я кьалэнхэр егупуу зэрагъэзащIэм, жэрдэм зэрахэлъым папщIэ кьагъэлъэгуа егупуныгъэмрэ жэрдэмымрэ папщIэ Урысей МЧС-м и «За содружество во имя спасения» медалыр Боков Анатолий, Урысей МЧС-м и ЩIыхь тхылъыр **Башиев ТIахьир** иратащ.

ЗэрытщIэщи, 2017 гъэм щIышылъэм и 27-м илъэс 90 ирикъуащ Урысей ДОСААФ-р. ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ Управленэ нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъхэр иратащ ДОСААФ-м и къудамэхэм я унафэщIхэу Беслъэней Анзор (Бахъсэн), Газзаев Руслан (Прохладнэ), Дзыхьмыщ Мартин (Лэскэн) сымэ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Зэпеуэ

Акъыл жан къагъэлъагъуэ

КъБР-м и Парламентым щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэмрэ КъБКъУ-м и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэмрэ къызэрагъэпэща «Pro et contra» япэ республикIэ щIалэгъуалэ зэдауэм я кIэух Iыхьэр гъатхэпэм и 1-м екIуэкIащ. Ар щекIуэкIащ КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ и Щэнхабзэ центрым.

«ДЭННИ Де Вито», «Саммит» гупитIым хэт щIалэгъуалэр утыку щызэпеуащ «Урысейм Зыуэ щат къэрал экзаменхэр» Iуэхум теухауэ. ЩIалэгъуалэм апхуэдизкIэ акъыл жан яIэу зыкъагъэлъэгъуати, къэпщытакIуэ гупым зэхуэдэ бжыгъэхэр абыхэм хуагъэувын хуей хуэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэпеуэм зэрэрыщIидзэрэ абы гуп 24-рэ хэтащ. Ахэр студентхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэту зи ныбжьыр илъэс 17-23-м ит щIалэгъуалэмрэт.

КъэпщытакIуэхэм яхэтащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ**, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Iэуес**, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэм и унафэщI **Вэрокъуэ Ларисэ**, КъБКъУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Лу Аэзмэт**, «Налшык» аэропортым и пресс-центрым и унафэщI **Уэркъуасэ Каринэ**, «Торнадо» шхапIэм и унафэщI **Къазий Алим**, «Онсайт» зыгъэпсэхупIэ центрым и къызэгъэпэщакIуэ **Жулин Виктор**.

Азычэ Светланэ жиIащ ирагъэжьакIэкIа зэпеуэм хуэдэм щIалэгъуалэм я гупсысэм зэрызригъэужьыр, я Iуэху епIыкIэр кIэщIрэ гурыIуэгъуэу къаIуэтэфу зэрригъасэр.

ЩIалэм и кIэухым абы хэта щIалэгъуалэм саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

«Нэхур къыщищIым»

Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм щIыхь зиIэ и художник, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Цаллагов ФатIимэ и Iэдакъэщ1экIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн Ткаченко Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуэздзэхэмкIэ музейм иджыблагъэ къыщыззIуахащ.

«НЭХУР къыщищIым» фIэщыгъэм щIэт выставкэм утыку къыщрахьащ «Нотр Дам де Пари», «Бавария. Бад-Тельц», «Дигор бгъуэнщIагъэр», «Франджы къуажэхэр», «Рим пщыхьэщхьэхэкIуэр», Осетие Ищхьэрэ - Аланием и бжыхьэ теплъэгъуэхэр къызытещыж сурэтхэр.

Музейм и пэшищми екIуу щыфIэдза сурэтхэм уеплъа иужь Цаллаговэр къыщалъхуа Осетие Ищхьэрэ - Аланием и теплъэм нэхъ егупуу, абыхэм яхэлъ хуабагъэр нэхъыбэу гурыщхъуэ уагъэщIырт. Удз гъэгъахэм я мэр къыпщIихьэу къыпщохъу, апхуэдизкIэ ар къохъулIэри. Псом хуэмыдэу зыщьыбгъэнщIыркъым ФатIимэ и сурэтхэм кьатещ щIыуэпсым, щIыпIэ дахэхэм, гъэм и зэманыгъуэхэм ущеплъкIэ. И плъыфэ зэмыфэгъуу зэщIэжьуэхэмкIэ Цаллаговэм укъыдихьахым и закъуэкъым, абы уи «дунейр» нэхъ щIэщыгъуэ, плъыфэбэ ещI.

- Талант льагъ зиIэ бзылъхугъэм и гъэлъэгъуэныгъэр нэхуГъэрэ хуабагъэкIэ гъэщIащ. ПсалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэн гурыщIэщ абыхэм кьуатыр, ар зыхэпщIэн хуейуэ аращ. Дахагъэр мы пэшхэм щыкуэдщ, - жиIащ КЪБР-м и Парламентым и депутат **Бечеловэ Людмилэ** выставкэр къыщызэIуихым икIи Цаллаговэм и Iэдакъэщ1экI тельыджэхэр Налшык зэрыщагъэльагъуэр и гуапэ зэрыхъуар къыхигъэщащ.

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и методикэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI, сурэтыщI **ЖIылэ Анатолэ**.

- СурэтыщIхэр щыгъуазэщ акварелым урилэжьэну зэрыгугъум. Абы кьыхэкIыуи куэдым зрапщытыркъым икIи ар къэзыгъэIурыщIэфа зырызхэм ящыщщ Цаллаговэ ФатIимэ, - жиIащ абы.

- Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ зэи диIакъым. Iэзагъ иIэу акварелым ирилажьэр мащIэ дыдэщ икIи ди республикэм щыпсэуэхэм Цаллаговэм и Iэдакъэщ1экIэхэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэщIыхуну IэмальфI кьыкъуэкIащ. Ар куэдым щапхъэ зэрахуэхъум и мызакъуэу, ди республикэм щыщи яхэту ныбжьыщIэ куэд игъэсащ. Абыхэм дуней псом цIэрыуэ щызыхуа сурэтыщIхэри кьахэкIащ. Цыхугъэ льагъэ зыхэлъ, гуапагъэкIэ гъэнщIа цIыхуу ФатIимэ, ар и лэжьыгъэхэми щынэрылъагъущ. Уи Iэрыкl дахэхэмкIэ иджыри илъэс куэдкIэ дыбгъэгуфIэну сыпхуохъуахъуэ, - зыхуигъэзащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий** Цаллаговэм.

Сабий гъуэздзэхэмкIэ школ №1-м и унафэщIым и къуэдзэ **Кусовэ Лянэ** псалъэ гуапэхэр хужиIащ сурэтыщIым.

- Нобэрей махуэр си дежкIэ хуабжьу лъапIэщ. ФатIимэ къызэрыслцIыхурэ и гъэлъэгъуэныгъэ Налшык щытщIыну сыщIэхъуэпсырт. ТIууащIэу си гуапэ хуауад езыри къызэрытхуеблэгъар. Абы и лэжьыгъэхэри дахагъэр къабзагъэкIэ гъэнщIащ, аращ уущIызыщIашэр. ФатIимэ усэ дахэхэри етх. Гъуэздзэр фIыуэ зыльагъу, сурэт щIыным дихьэх дэтхэнэми мы гъэлъэгъуэныгъэм зыщигъэгъуэзэн хуейуэ къызолъытэ. Зи зэфIэкIыр кьуэпсыбэ бзылъхугъэм и Iэдакъэщ1экIхэр музей нэхъыфI дыдэхэми щыбгъэльагъуэмэ, утеукIытыхьынукъым, - жиIащ Кусовэм.

ЗэIущIэм и кIэухым Цаллаговэ ФатIимэ фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыным егупуа псомми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псапэ

ЛъэIуар ягъэщIэхъуакъым

Махуэ зыбжанэ и пэ Налшык щыщ унагъуэ дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIуу интернетым видео къралъхьат. ГъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува зэщхьэгъусэхэм, нэгъуэщI хэкIыпIэ щамыгъуэтым, цIыхухэм зыхуагъэзэну мурад ящIащ.

ЗЭЩХЬЭГЪУСЭХЭРИ лIым и шыпхъури дэгу-бзагуэщ. Абыхэм я къуэми зэхихыркъым икIи псэльэфыркъым, абы ищIыIужкIэ ДЦП узыфэр иIэщ. Я пхъум сабииплI иIэщи, а цIыкIухэми зэхахыркъым. Унагъуэр зыщIэс унэр хьэкукIэ ягъэплъу аращи, пхъэ къызэращэхун ахъши яIэкъым. Зэщхьэгъусэхэр лъаIуэрт унэр зэрагъэплъын газ хущIашэу, я пэшхэр хуэзрахьэну.

Налшык къалэ округым и администрацэм унагъуэм и тхьэмыщкIагъэр зыхищIыкIри, хуабэ хъужьыхукIэ гъэсыныпхъэу зыхуеину пхъэ хурагъэшащ. Апхуэдэуи КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм дэщIыгъуу унэм газ зэрыщIашэну, зэрызэрахьэну Iэхухэр яубзыху. Абы сом мин 650-рэ текIуэдэну къабжащ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Куп Абдулчэрим КIэмац и къуэр

2017 гъэм мазаем и 19-м дунейм ехыжащ Куп Абдулчэрим КIэмац и къуэр. Ар 1929 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м кьалъхуащ Зеикъуэ къуажэм кьыдэкIа цIыкIу зыгъэпсэну Iуэхуэм ящыщ зыщ. Абы лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ езыр щалъхуа жылэжьым, районым, республикэм кьулыкъу мытыншхэр щрихьэкIащ.

Пединститутыр хъарзынэу кьиуха нэужь, Балъкъэр обкомым агитацэмрэ пропагандэмкIэ и кьудамэм и инструктору ягъэуващ, нэхъ иужькIэ хозяйствэ IэнатIэм ягъэкIуащ. Туризмэмрэ дунеяплъэ Iэхуэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр советым и унафэщIым и кьудэхуэм щыщ. Абы лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ езыр щалъхуа жылэжьым, районым, республикэм кьулыкъу мытыншхэр щрихьэкIащ.

Пединститутыр хъарзынэу кьиуха нэужь, Зеикъуэ къуажэм игъэзэжри, физикэмрэ математикэмкIэ егъэджэгу Iэлэжьащ. Мыгувэу ар ягъэуващ КъАССР-м хьихьэ Iуащхьэмахуэ районым щыщ Бахъсэнгэ поселкэм къыщызIуаха интернат-школым и япэ унафэщIу.

ЗэфIэкIышхуэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ щIалэр Iуащхьэмахуэ районым и депутатхэм я гъэзэщIакIуэ комитетым цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу ягъэуващ. 1963 гъэм Тырныауз кьалэ исполкомым и унафэщIу, нэхъ иужькIэ партым и кьалэ комитетым и етIуанэ секретару захащ.

Абы лэжьыгъэр фIыуэ ильагъурт цIыхухэм зэпымыууэ яхэтт икIи къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэльакIуэт. Октябрь революцэр илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ 1967 гъэм Куп Абдулчэрим и унафэм щIэту Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсауэ щытащ цIыху 2536-рэ.

Парт органхэм илъэсиблкIэ щылэжьа иужь, ар Москва дэт парт еджапIэ нэхъыщхьэм ягъэкIуащ икIи къиуха нэужь партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым агитацэмрэ пропагандэмкIэ и кьудамэм и инструктору ягъэуващ, нэхъ иужькIэ хозяйствэ IэнатIэм ягъэкIуащ. Туризмэмрэ дунеяплъэ Iэхуэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр советым и унафэщIым и кьудэхуэм щыщ. Абы лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ езыр щалъхуа жылэжьым, районым, республикэм кьулыкъу мытыншхэр щрихьэкIащ.

Пединститутыр хъарзынэу кьиуха нэужь, Зеикъуэ къуажэм игъэзэжри, физикэмрэ математикэмкIэ егъэджэгу Iэлэжьащ. Мыгувэу ар ягъэуващ КъАССР-м хьихьэ Iуащхьэмахуэ районым щыщ Бахъсэнгэ поселкэм къыщызIуаха интернат-школым и япэ унафэщIу.

ЗэфIэкIышхуэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ щIалэр Iуащхьэмахуэ районым и депутатхэм я гъэзэщIакIуэ комитетым цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и кьудамэм

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Щакхъуэмрэ дыщэмрэ

АББАС мэкъумэшыщІэ къулейсыт. Мазхуэхэр зи кІыхьагъым ар лажьэрт, и щхьэмрэ и унагъэмрэ зэригъэзэнчэ кьыхъхьэн папщІэ. Зэман кьыщыхудэхуэкІэ, ар егупсысырт тхьэмыщкІагъэм кьизышыфыну кІадэ кьиГуэта зэрыхъунум.

Зы махуэ хуабэ гуэрым Аббас, дапщэщи хуэдэу, губгъуэм илэжьыхьырт. Хуабжьу зэрезэшаг кьапщІэу, ар жыг лъабжьэм щетІысехэу хьуапсэу щІидзащ: «ІэкІэ сызэІусу хьуар дыщэ сщІыфын хуэдэу Тхьэм зэфІэкІ телъыджэ кьызитмэ, сызыпэрыт гугъуехьыр кьиззэнэкІынти, сызыхуэныкъуэ щымыІэу сыпсэуп». Абы хэту зэхихащ:

- Ей, Аббас! Апхуэдизу узыщІэбэгыр иджыпсту кьыпІэрыхьэнуц! Ви Іэмкіэ зы хьэпшып гуэр кьащти - ар занщІэу дыщэ хъунущ.

Аббас зэхихьр и фІэщ хъуакъым. Ауэ щІым зригъэзыхри мывэ щыкІу кьищтащ. Абы зэрыльэІэсу - мывэр занщІэу дыщэ хъущ. Аргуэру Аббас нэгъуэщІ зы мывэм льэІэсащ - ари ахсыкъэту дыщэ хъущ. Аббас гуфІэгъэшхуэм зэщІищтаэу егупсысащ: «Иджыпсту кьалэм сыкІуэнщи сабэхэмрэ мывэхэмрэ дыщэ сщІынщ... ИужькІэ щІы куэд хъэсщэхунщ, псыежэх Іуфэм уардэунэ щІыхуэхэщи, жыг хадэ-шхуэкІэ хъэуэхуреихьыжынщ... Шы лъэпкъыфІхэр къэсщэхунщ, фэилъхьэгъуэ дэгъуэхэмкІэ зыкъэсхуэпэнщ».

Ар къэтэджыну хуейт, ауэ зэрезэшар, зэрымэжэщІалІэр щыхэхищІэм, зэрымыкІуэфынур. Хьэпсэхэр абыхэмкІэ къебсцэжкІыуэрэ, сыпсэууэ езгъэжащ. ТІэкІу-тІэкІуурэ мылъку щызэхуэсхьэсым, къулей сыхъуу хуежьат. Илъэс зыбжанэ дэкІри, си чэруанар мазхьшэ 80 ирикъуащ. Багдад исшурэ хьэпшыпхэр Басрэ, нэгъуэщІ кьалэшхуэхэм сшэрт.

Зэгуэрым си чэруанар си гъусэу Багдад сыкъыздэкІуэжьым, и зэхуэдитІыр къэскІуауэ, зызгъэпсэхуну сетІысэхащ. Махъшэхэр хъуэкІуэну сутІыпщри, пщыхьэщхьэшхэ сщІыну жыг лъабжьэм деж сыщетІысэкащ. Абы ирихьэлІэу абдежым зы цІыкІужьей кьащыхутащ. Ар къызбгъдыхьэри, фІэхъус зэтхащ. ЦІыкІужьейр си гъунэгъу кьэтІысри, сыкъыздикІамрэ здэзунэтІымрэ щІэупщІащ. Абы жэуап естри, си пщыхьэщхьэшхэмкІэ сыдэгуэшащ. Апхуэдэу дыззпсаЛъэу жыг лъабжьэм дыздыщІэсым, цІыкІужьейм жеІэ:

«Сэ сыщыгъуаззщ бгым щыгъэпщкІуа хъугъуэфІыгъуэшхуэ здэщыІэм. Ви махъшэхэм дыщэхэр, мывэ лъапІэ хьэпІэхэр ятепІлъхьэми, абы хэщІыныгъэ игъэтаУэ гу лъытпэнукъым: хъугъуэфІыгъуэхэр бжыгъэнэшэщ».

А псалъэхэр зэрызэхсхыу, хъугъуэфІыгъуэхэр зыІэрыгъэхьэну сыщІэхъуэпсащ. ЦІыкІужьейм соупщІ: «А щІыпІэр сыгъэльагъуи зы махъшэ уэстыщ. Мывэ лъапІэхэр я плІэм илъхьи дэнэ ухуейми шэ».

«Апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэр пуду зыІэрыбгъэхьэну уэхтщ, - жиІащ цІыкІужьейм. - Уи махъшэхэм я зэхуэдитІыр кьэзыгъэтхъ, усэшэщи хъугъуэфІыгъуэхэр здэщыІэ щІыпІэр уэзгъэльэгъунщ».

«Махъшэ плІыщІыр абы естрэ кьысхуэнэ плІыщІым си щхьэм щхьэкІэ дыщэ ятеслъхьэми фІы дыдэ хъунущ, - сегупсысащ сэ. - Сыту фІыт, тыншу апхуэдизу мылъку кьыпІэрыхьэну!» ЦІыкІужьейр кьэзгъэзгуащ махъшэ плІыщІ естыну.

Си махъшэ 80-р зы чэруану здгъэзуІури гъуэгу дытехьащ. Мыгувэу бгым дынэсри ауэ куум, кІыфІым дыдыхьащ. Ар апхуэдизкІэ зэдэтхьащ, махъшэхэр ергатІыу дэкІауэ аращ. ЦІыкІужьейр ятепІ иту кІуэрт. Ар къэувыІэри жиІащ: «Дыкъэсащ. Уи махъшэхэр щІым егъэтІысэхи хьэлъэ зэрателпхъэным зыхуэгъэхьэзыр». ЦІыкІужьейм зэрыжиІам хуэдэу сщІащ. ИтІанэ ар иджыри тІэкІу ятепІ ищри кьырышхуэм дежь кьэщцывыІащ. Чы кІыхь Іэмышщэ зэхуихьэри игъэсащ. МафІэр зэрызэщІэнэу, цІыкІужьейм абы пкъахуэ тІэкІу пэридзэри, щэхуу псалъэ зыбжанэ жиІащ. Зэуэ щІыр кьэкІэзызащ, зэрыхъейм хуэдэу, кьанэ макъ кьэІури, кьырым пэгъунэгъу щыпІэм деж кьэчаишхуэ кьыщыуныжащ. «Си ужь кьиувэ», - жиІащ цІыкІужьейм.

Кьэча зэхуакум дыдыхьэри, бгъэунщІагъыш-хуэм дыкъыщыхутащ. Абы си нитІым сыт кьэщащІъэгъуар?! Дыщэ ахъшэхэр, мывэ лъапІэхэр зыдэлъ пхъуантэхэр... Си гъащІэмкІэ Тхьэ фхузоІуэ, хъугъуэфІыгъуэхэм кІэ зэрамыІэтэмкІэ! Зи акъыл иКІам хуэдэу хъугъуэфІыгъуэхэмрэ дыщэхэмрэ кьэспхъуатэурэ си жыпхэр згъэнщІырт. Ауэ цІыкІужьейм унафэ кьыскъуищІащ пхъуантэхэмрэ кьэпхэмрэ нэхъ псынщІэу кьыщІэсхьу махъшэхэм якІэрысащІэну. Махъшэхэм хъэрт ятеттІыхьа нэужь, цІыкІужьейм зы пхъуантэм дыжьын пхъуантэ цІыкІу кьрихщ, зэпилпІыхьри, - Иджыри хьэзыркъым, - жиІащ абы.

Апхуэдэурэ пхъащІэм зэманыр игъэкІуащ, сабийр кьыкІухь хьуху. ИужькІэ ин хъущ, кьишэри, щІалэ кьыщІэхъуащ. Абы и адэм зыхуигъэзащ:

- Си кьуэм гущэ кьыхуэсщэхунт.

- Мыпхуэдэ пхъащІэм и деж кІуэ, - жиІащ адэм. - Илъэс тІощІ ипэкІэ абы гущэ ищыну сыгурыІуаэ щытащ. Ар къэшэж.

Къуэр пхъащІэм и деж кІуащ.

- Си адэм зи уасэ кьуита гущэр сшэжыну сыкъэкІуащ.

- Уасэр къэщтэж, - жиІащ пхъащІэм, - пІащІэрыщІу Іэхху схуэщІэнукъым

ЛІЭЩІЫГЪУЭ зыбжанэ ипэкІэ, зы кьалэ гуэрым и бзэзр утым тхьэмыщкІэ гуэр махуэ къэс кІуэуэрэ ину щыкІийрт:

- Дэтхэнэ зыми факъырэІус кьызэфт икІи си пакъыраІус кьызэфтыну икІи си нэкІум фыкъыхуэну. Иджыпсту ныжвесІэжьынщ мылъкум сызэрыхуэнэхъуеиншэм хьэфиз сызэрытехъуам и хьыбарыр... Нэфым мы хъыбарыр яхуиІуэтэжащ:

- Си цІэр Абдуллащ, Багдад сыщыщщ. Си адэр дунейм екьыжа нэужь, и щІэнымк щыщ мылъкуфІ кьыслъысащ, арщхьэкІэ псынщІэуи згъэкІуэдыжащ, сызэрыхуэмыхьу, сызэрыакъылыншэм кьыхэкІыу. Си щхьэгъусэм сыкъытригъэхьри си иужьрей ахъшэмкІэ махъшитІ кьэсщэнуащ. Хьэпсэхэр абыхэмкІэ кьэсщэжІыуэрэ, сыпсэууэ езгъэжащ. ТІэкІу-тІэкІуурэ мылъку щызэхуэсхьэсым, къулей сыхъуу хуежьат. Илъэс зыбжанэ дэкІри, си чэруанар мазхьшэ 80 ирикъуащ. Багдад исшурэ хьэпшыпхэр Басрэ, нэгъуэщІ кьалэшхуэхэм сшэрт.

Зэгуэрым си чэруанар си гъусэу Багдад сыкъыздэкІуэжьым, и зэхуэдитІыр къэскІуауэ, зызгъэпсэхуну сетІысэхащ. Махъшэхэр хъуэкІуэну сутІыпщри, пщыхьэщхьэшхэ сщІыну жыг лъабжьэм деж сыщетІысэкащ. Абы ирихьэлІэу абдежым зы цІыкІужьей кьащыхутащ. Ар къызбгъдыхьэри, фІэхъус зэтхащ. ЦІыкІужьейр си гъунэгъу кьэтІысри, сыкъыздикІамрэ здэзунэтІымрэ щІэупщІащ. Абы жэуап естри, си пщыхьэщхьэшхэмкІэ сыдэгуэшащ. Апхуэдэу дыззпсаЛъэу жыг лъабжьэм дыздыщІэсым, цІыкІужьейм жеІэ:

«Сэ сыщыгъуаззщ бгым щыгъэпщкІуа хъугъуэфІыгъуэшхуэ здэщыІэм. Ви махъшэхэм дыщэхэр, мывэ лъапІэ хьэпІэхэр ятепІлъхьэми, абы хэщІыныгъэ игъэтаУэ гу лъытпэнукъым: хъугъуэфІыгъуэхэр бжыгъэнэшэщ».

А псалъэхэр зэрызэхсхыу, хъугъуэфІыгъуэхэр зыІэрыгъэхьэну сыщІэхъуэпсащ. ЦІыкІужьейм соупщІ: «А щІыпІэр сыгъэльагъуи зы махъшэ уэстыщ. Мывэ лъапІэхэр я плІэм илъхьи дэнэ ухуейми шэ».

«Апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэр пуду зыІэрыбгъэхьэну уэхтщ, - жиІащ цІыкІужьейм. - Уи махъшэхэм я зэхуэдитІыр кьэзыгъэтхъ, усэшэщи хъугъуэфІыгъуэхэр здэщыІэ щІыпІэр уэзгъэльэгъунщ».

«Махъшэ плІыщІыр абы естрэ кьысхуэнэ плІыщІым си щхьэм щхьэкІэ дыщэ ятеслъхьэми фІы дыдэ хъунущ, - сегупсысащ сэ. - Сыту фІыт, тыншу апхуэдизу мылъку кьыпІэрыхьэну!» ЦІыкІужьейр кьэзгъэзгуащ махъшэ плІыщІ естыну.

Си махъшэ 80-р зы чэруану здгъэзуІури гъуэгу дытехьащ. Мыгувэу бгым дынэсри ауэ куум, кІыфІым дыдыхьащ. Ар апхуэдизкІэ зэдэтхьащ, махъшэхэр ергатІыу дэкІауэ аращ. ЦІыкІужьейр ятепІ иту кІуэрт. Ар къэувыІэри жиІащ: «Дыкъэсащ. Уи махъшэхэр щІым егъэтІысэхи хьэлъэ зэрателпхъэным зыхуэгъэхьэзыр». ЦІыкІужьейм зэрыжиІам хуэдэу сщІащ. ИтІанэ ар иджыри тІэкІу ятепІ ищри кьырышхуэм дежь кьэщцывыІащ. Чы кІыхь Іэмышщэ зэхуихьэри игъэсащ. МафІэр зэрызэщІэнэу, цІыкІужьейм абы пкъахуэ тІэкІу пэридзэри, щэхуу псалъэ зыбжанэ жиІащ. Зэуэ щІыр кьэкІэзызащ, зэрыхъейм хуэдэу, кьанэ макъ кьэІури, кьырым пэгъунэгъу щыпІэм деж кьэчаишхуэ кьыщыуныжащ. «Си ужь кьиувэ», - жиІащ цІыкІужьейм.

Кьэча зэхуакум дыдыхьэри, бгъэунщІагъыш-хуэм дыкъыщыхутащ. Абы си нитІым сыт кьэщащІъэгъуар?! Дыщэ ахъшэхэр, мывэ лъапІэхэр зыдэлъ пхъуантэхэр... Си гъащІэмкІэ Тхьэ фхузоІуэ, хъугъуэфІыгъуэхэм кІэ зэрамыІэтэмкІэ! Зи акъыл иКІам хуэдэу хъугъуэфІыгъуэхэмрэ дыщэхэмрэ кьэспхъуатэурэ си жыпхэр згъэнщІырт. Ауэ цІыкІужьейм унафэ кьыскъуищІащ пхъуантэхэмрэ кьэпхэмрэ нэхъ псынщІэу кьыщІэсхьу махъшэхэм якІэрысащІэну. Махъшэхэм хъэрт ятеттІыхьа нэужь, цІыкІужьейм зы пхъуантэм дыжьын пхъуантэ цІыкІу кьрихщ, зэпилпІыхьри, - Иджыри хьэзыркъым, - жиІащ абы.

Апхуэдэурэ пхъащІэм зэманыр игъэкІуащ, сабийр кьыкІухь хьуху. ИужькІэ ин хъущ, кьишэри, щІалэ кьыщІэхъуащ. Абы и адэм зыхуигъэзащ:

- Си кьуэм гущэ кьыхуэсщэхунт.

- Мыпхуэдэ пхъащІэм и деж кІуэ, - жиІащ адэм. - Илъэс тІощІ ипэкІэ абы гущэ ищыну сыгурыІуаэ щытащ. Ар къэшэж.

Къуэр пхъащІэм и деж кІуащ.

- Си адэм зи уасэ кьуита гущэр сшэжыну сыкъэкІуащ.

- Уасэр къэщтэж, - жиІащ пхъащІэм, - пІащІэрыщІу Іэхху схуэщІэнукъым

ЦІыкІужьейм зыри кьыспимыдзыжу иджыри махъшэ тІощІ кьызитыжри кьыхуэнаипщІым и гъусэу ежьэжащ. Ауэ нэпсеягъэр кІуэ пэтми кьытекІуэрт. Аргуэру махъшипщІри кьызитыжыну сельэІун щІэздзащ. ЦІыкІужьейм зыри жимыІэу кьэна махъшипщІри кьызитыжащ. Иджы си махъшэ псори зэхуэсхуэщ, зэкІэлъхьэужьу згъэзыри, сыспыпфІэу, Багдад сыкІуэжьну зызгъэхьэзыращ. Абы хэту, цІыкІужьейм и жып ирилъхьа дыжьын пхъуантэр сигу кьэкІыжри, сегупсысащ: «ЦІыкІужьейм зыри кьыспимыдзыжу хъугъуэфІыгъуэхэр зыщІыгъу махъшэ плІыщІыр кьызитыжащ, иджы а пхъуантэри кьеІысхмэ дауэ хъуну? Сыт ар абы зэрищІыну? Сэ кьысхуэщхьэпэжныщ - абыи уасэ иІэщ». Ауэ абдежым си кІэн кьыщикІакъым. ЦІыкІужьейм пхъуантэр кьызитакъым. Дапхуэдизрэ сельэІуами, «хьуэ» фІэкІа кьыпысхакъым. КІуэ пэтми нэхъри сыкъыщІэкъурт а пхъуантэр зыІэрызгъэхьэну, арщхьэкІэ, цІыкІужьейр адэкІэ кьыззмыдэІуэжу зыри жимыІэу и гъэгу теувэжащ. Абдежым сегупсысащ: «Сыакъылыншэщ сэ! ЦІыкІужьейм ауэ сытми мазхьшэ плІыщІымрэ хъугъуэфІыгъуэхэмрэ кьызитакъым; езым нэхъ пІапІэ дыдэр зыІэригъэхьащ - пхъуантэ цІыкІур. Дауи, абы дыней псом и хъугъуэфІыгъуэр щыгъэпщкІуа хъунщ!»

НэпсеягъэкІэ сыудэфат. ЦІыкІужьейм сыкІэлъыжащ, кьэзубыдри згъэшынащ:

«ДахэкІэ пхъуантэр кьызэт, цІыкІужьей, ар мыхъумэ, ар кьарукІэ зыІэрызгъэхьэнущ!» ЦІыкІужьейм зыри кьызитакъым. Дапхуэдизрэ сельэІуами, «хьуэ» фІэкІа кьыпысхакъым. КІуэ пэтми нэхъри сыкъыщІэкъурт а пхъуантэр зыІэрызгъэхьэну, арщхьэкІэ, цІыкІужьейр адэкІэ кьыззмыдэІуэжу зыри жимыІэу и гъэгу теувэжащ. Абдежым сегупсысащ: «Сыакъылыншэщ сэ! ЦІыкІужьейм ауэ сытми мазхьшэ плІыщІымрэ хъугъуэфІыгъуэхэмрэ кьызитакъым; езым нэхъ пІапІэ дыдэр зыІэригъэхьащ - пхъуантэ цІыкІур. Дауи, абы дыней псом и хъугъуэфІыгъуэр щыгъэпщкІуа хъунщ!»

НэпсеягъэкІэ сыудэфат. ЦІыкІужьейм сыкІэлъыжащ, кьэзубыдри згъэшынащ:

«ДахэкІэ пхъуантэр кьызэт, цІыкІужьей, ар мыхъумэ, ар кьарукІэ зыІэрызгъэхьэнущ!» ЦІыкІужьейм пхъуантэр кьыгурыІуа нэужь, дыжьын пхъуантэр кьызитри ІукІыжьну иужь ихьащ. Ауэ езмыгъэжьэжу сеупщІащ: «КІыжьеІэт, сыт мы пхъуантэм щыгъэпщкІуар? Сыт ар щІэлъапІэр?»

«Мы пхъуантэм пкъахуэ лъапІэ ильщ. Ар кьыпхуэгъэсэбэлпмэ, хъугъуэфІыгъуэ псори уи Іэрылъхьэщ», - жиІащ цІыкІужьейм. ИтІанэ абы сельэІуащ а пкъахуэр кьызэрыбгъэсэбэлпыну щыкІэр сигъэльагъуну. ЦІыкІужьейм зыбжанэрэ зыри щыжимыІэм, ар пэзубыду, згъэшынэу щІэздзащ. ИкІэм-икІэжьым абы пхъуантэр згъэтрихри, и Іэпитіыр диІущ, псынщІу кьыдихыжщ, зыгуэрхэр щхъуу жиІэри си напІэ ижьым кьыцІыгъэІэсащ. Зэуэ бгьхэр си пащхьэм кьыщыунэхри, дыщэ, дыжьын, налкъутналмэс, нэгъуэщІ хъугъуэфІыгъуэхэр зыщІэлъ щІыпІэхэр кьэслъэгъуащ.

Иджы дунейпсо хъугъуэфІыгъуэхэр зэхуэсхьэсыну Іэмал сиІэ хъуат, ауэ ари кьызэмэщІэкІырт. «Си напІэ сэмэгуми кьыслъэІэс», - уанафэ хуэсщІащ сэ цІыкІужьейм.

«Хъунукъым, - жиІащ цІыкІужьейм, - мы пкъахуэр иджыри зэ уи напІэм щыпхэзмэ, уи гъащІэ псокІэ хьэфиз ухъунущ». Ауэ сэ цІыкІужьейм жиІэр си фІэщ хъуакъым - сыкъыгъапцІэу, мыхьэнэшхуэ зиІэ гуэр кьысщибзыщІу кьысщыхъуащ.

«Ар умыщІэмэ, узукІынущ», - сытекІияц сэ сыгубжьауэ. «Хъунщ, уи лъэІур згъэззщІэнщ. Ауэ, абы иужькІэ кьэхъунумкІэ уэращ жэуап зыхьыжынр», - жиІэщ цІыкІужьейми, пкъахуэ тельыджэр си напІэ сэмэгум кьыщІихущ. Ар зэрищІэу, зэуэ псори кьыстеункІыфІащ.

Іуэхур зытетыр кьызэрысщІэу, цІыкІужьейм и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу сыщытІысри селъэІуащ, сыгъэу, сыбжэу: «Си махъшэхэри, уи хъугъуэфІыгъуэхэри, пкъахуэ лъапІэ зэрылъ мы пхъуантэ цІыкІури кьэщтэж, ауэ кьысхуэгъэгъуи, си нэкІэр кьэгъэлпъэжі!»

«ТхьэмыщкІафэ кьызытеуа цІыху цІыкІу! - жиІащ абы. - УкъызэдэІуакъым, иджы уэ зыри сбэзэн кьыпхуэхунукъым. Уи гъащІэ псокІэ бгъэинущ уи нэпсеягъэм хьэфиз уэзэрытехъуар». Абы иужькІэ цІыкІужьейм хъугъуэфІыгъуэхэр зыщІыгъу махъшэ псори зэщІикъуэри ІукІыжащ.

СыкІиящ, сыгъащ, чэруан блэкІым сыщцхуэзэну гъуэгу нэхъыщхьэм сытригъэувэну цІыкІужьейр кьыздэІэпыкъну сельэІуащ, ауэ сызэхихакъым. Кьэдрэ бгьхэм кьыщыскІухьащ сэ, сымэжалІэу, сыщыгъыныджэу, гъуэгу нэхъыщхьэр кьэзгъэуэтыхуэ. Чэруан блэкІым гъусэ зыхуэсщІауэ, сэ хьэфизым, тхьэмыщкІэм, факъыраІус кьыхэхуэу дунейм сытетщ. ТхьэфыІэ сщІащ факъыраІусым щыІгъуу си нэпсеягъэм и тезыру си нэкІум псори зэрызэ кьыхуэуэну сыщІэлъэІуну.

Сондэджэр бзаджащІэ

ЗЫГУЭР бззэрым тетт пхъуантэ цІыкІу иІыгъыу. Ар ищэну лъэпшыпхэм - дзэку Іыхьэмрэ удз гъэщэщ Іэбжьыбымрэ - ящытхъурт. Быдэу тригъэчыныхьырт ахэр хъэщцэху дэтхэнэми дзэхум дыщэ кьыхуэхущІыкІыну. Абы ирихьэлІэу Ахьмэд блэкІырт. Сондэджэрым и псалъэхэр щцэзхихьым, ар кьэувыІэри щІэупщІащ:

- Апхуэдэ телъыджэ дауэ зэрыпщІэнур?

- Тынш дыдэу, - жиІащ пхъуантэр зейм, - дзэку Іыхьэ щащтэ, ар кьъэущыным илъхьи, хьэку мафІэм тегъуэвэ. Дзэхур кьэтІатІэу щІидзэмэ, удз щэщэ ІэмышщІэ хуэдиз хэбдзэрэ ар сыхьэтитІым и кІуэцІкІэ зэІыпщІэмэ, кьэпльагъунущ кьэуэщын щІагъым дыщэ кІанэ кьызэрыщыІунэхуар.

Ахьмэд гуфІэгъуэ, дзэку нэхъ Іыхьэшхуэр сондэджэрым и деж кьыщищэхуащ, удз Іыхьэ щащэр и ІэштІымым быдэу ирикъуэри, унэм кьэкІуэжащ. Лъэбакъуэ зыбжанэ ичыну хунэса кьудейуэ, пхъуантэр зейр кьыкІэлъыдджэу зэхихащ.

- НыбжьесІэну кьысщыгъупщащ, - жиІащ сондэджэрым, - дзэку тІатІэр щцэзэпыщІэкІэ, мыщэ хужь кьафэм уемыгупсыс. Армырмэ, зыри кьохъулІэнукъым.

Ахьмэд дыхьэшхащ:

- Сыт сэ мыщэ хужь кьафэм сыщІегупсысынур? Сэ абы зыри хуэмІуэхукъым.

Унэм кьэкІуэжри, Ахьмэд и щхьэгъусэмрэ ипхъуэмрэ псори яхуиІуэтэжащ. ПщэфІапІэм ахэр кьыщІигъэкІыжри, и Іуэхум пэрыхьащ. Ахьмэд кьэуэщыным дзэхур ирилъхьэри, хьэку мафІэм тригъэувэщ. Дзэхур кьыщытІатІэм, удз Іэмыщ Іэ хидзэри зэІищІэу щІидзащ. Сыхьэт, сыхьэтитІ, сыхьэтитІрэ нкьъуэрэ блэкІащ. И щхьэгъусэм, адэкІэ хуэмышэчыжу, бжэр кьыІуихри жиІащ:

- Дыщэр сыт хуэдэ - дыщэ дыдэ?

- ШейтІаныр мы Іуэхум кьыхьыхьэри зэІигъэхьащ! - и натІэм кьытрикІута пщІэнтІэпсыр илъэщІуРэ, жэуап иритыжащ езэша Ахьмэд. - Илъэс тхущІэр щырэ хъуауэ сопсэури мыщэ хужь кьафэу зэи слъэгъуакъым - нахуэуи пщІыхьэпІэуи. Иджы абы сыщемыгупсысыпхъэ дыдэм, дапщэщи ар си нэгу щІэтщ. Си пащхьэм дэнэ и дежи кьыщофэри итщ ар - лъэгуми, блынми, Іэнэми. Кхъэщыным сыщиплъэкІи, абыи мыщэ хужьыр кьыщыфэу солъагъу.

ЗГУЭРЫМ бажэр джэдэщым щыихьэщ, зиГьэнщІыху шхэри, щІэпхъуэжащ, унэгуащэм гу кьыІупымыта щыкІэ.

Абы хэту бажэр хуабжьу псы хуэлІэ хъури, ар кьилъыхъуэу хуежьащ. АрщхьэкІэ, зы щІыпІи псы ткІуэпс щигъуэтыртэ-кьым. Псы хуэлІэм ихьу, зыкъомрэ нрикІыкІщ-кьрикІыкІри, псыкъуий гуэр ирихьэлІащ. Бажэр емыгупсысу абы кІэрыщІа пэгуным зридзащ, псы кьыщигъуэтыну гугъэу. Ауэ зызыкІэрищІа пэгуныр ехуэхри, псыкъуийм хэхуащ, адрей пэгуныр кьыдришейуэ.

Дыгъужьыр абы ирихьэлІэу блэкІырт. Псыкъуийм ису бажэр кьыщилъагъуи, щІэупщІащ.

- Абы дауэ уэхуэа хъуа, ди шыпхъу?

- Бдзэжьей куэд мыбы хэсу щысльагъуи, си дэлъху, кьэзубыдыну сыкъехащ. Ви фІэщ мыхъумэ, кьэкІуати, уи нитІымкІэ пльагъунщ. Ей, си дэлъху, ахэр зыкІэ шхыныгъуэ Іэфіщи!

- Сыт кьэхъуар, си шыпхъу? Ямэу сыбгъэшхэну себгъэблагъэу аращ. Апхуэдэ иджыри кьэхъуакъым.

Бажэ хьилэшым идакъым:

- Пэж зэрыльысІэм шэч кьытепхьэмэ, си ныбжьэгъу, пэгуным и щІэм щІэплъи бдзэжьеишхуэ кьэплъагъунщ.

Дыгъужьыр бажэм ижІар и фІэщ хъури, пэгуным дэлъеящ. Ар псынщІэу кьехуэхащ, адрей пэгуныр кьыдришейуэ. ПэгунитІыр зэхуэдиз щыхъум, дыгъужьым бажэр кьыдзэкІуеижу илъагъури, игъэщІагъуэу щІэупщІащ:

- Дэнэ-тІэ уздэкІуэр?

- Апхуэдэщ ди гъащІэр, дэкІуеипІэм хуэдэщ: зыш щыщІэткІэ, адрейр йохуэх, - бзаджагъэ хэлъу итащ бажэм жэуап.

Дыгъужьыр псыкъуийм щыхэхуэ дыдэм, бажэр зэрыхуэ пэгуным кьыпкІыжри, щыим теувэжащ.

Зэрихьа бзаджагъэм папщІэ бажэр зыхуэзэрзыжу, щІэпхъуэжыну зыщигъэхьэзырым, и Іуэгур хьэм зэрызэхуищІар кьеІъагъу.

- Дэнэ уздекІар? - щІэупщІащ хьэр. - Сыт мыбдеж щыпщІар?

- Уи пІэкІэ дыгъужьым сыхурикъуащ, - итщ бажэм жэуапи, дыгъужьыр кьызэригъэпщІам иригушхуэ жриІэжьи щІидзащ.

- ФІыуэ пщІащ, - жиІащ хьэм, - дыгъужьым ажал хуэфащащ. Ауэ сэ пщІыри пщІыпсхэри фІыуэ слъагъуркъым. Пхъэфащэ тезыр уэгъэхьы хуейщ.

Абдежым хьэм бажэм зридзащ, и пщэфпІъэр иубыдри, итхьэлащ.

Бажэм ар зэрыщІэзыгъэ, зы щхьэр зэрыщІагъым кьыщІэкІыжащ, зы щхьэр зэрыщІагъым кьыщІэкІыжащ. Ар кьэзгъэзгуащ, и Іуэгур зэрыщІэзыгъэ, зы щхьэр зэрыщІагъым кьыщІэкІыжащ, зы щхьэр зэрыщІагъым кьыщІэкІыжащ. Ар нэхъ псынщІэу кьыщІэсхьу

Къармэ Iэсият

ДжэдыкIэшхуэ

(Рассказ)

Iэнэ хъурейр Iуихыжурэ Мэскухъан и къуэрылъхум йопсалъэ:

- Сэ щIыуIэм сехынщ, Мышэ, кIэртIофыр тIэкIу сымыIгъэкъабзэмэ, кIуэдыпэнущ. Уэри мы уэлбанэм пщIантIэм щыпщIэн щыIэкъым, нэху, зэхэпха? Уцlэмыкl, щIалэ, сурэт еплъ, сэ сщIэрэ, мес уи къэрэндащхэмкIэ зыгъэрхэр итхъэ...

Нанэ хуабэу эехуаупэри Мышэ и щхьэм Iэ дильэурэ щIыбым щIокI. Щlалэ щIыкIур щхьэгъубжэм Iуохьэ. Уэшх тIэкIу къоюх. Пщlантlэр нэщIщ, хъуреягъыр щымщ. Лъэбыхуи гъуэм ипщхьэжащ, и тхьэкIумэхэр теуплIэнщIауэ мэщхьэукъуэ. Нэщхьейуэ зеплъыхь Мышэ. Адрей пэшым щIохьэри сурэт зэмыфэгъуэхэр зэтрех, зэтрелъхьэж. Хуейкъым нобэ сурэт ищIыну. Мышэ дадэ нэхъ и гъусэщ. Дадэ щыдэмысым деж, езыри унэм щIэзаГъэркъым. Щlалэшхуэщ ар - илъэс еплIанэм итщ, и закъуэ щIыбым щIэкIми, зы къешхыдэнкъым...

Хуэм цIыкIуурэ бжэр Iуехри пщlантIэм доплъэ. Лъэбыху зигъэхьейркъым. Жей хъунщ... Мэжей. Абы хэту джэдэщымкIэ «Хуоп-хуоп!» - жиIэу макъ гуэр къоIукI. Плъэмэ, нанэ и гуэгушыр джэдэщым къышщIэувыкIащи, и дамэхэр иукъуэдийуэрэ зеутхыпщI. TIэкIу щотри и лъакъуэ кIыхьыжыр ятIэм хиупцIэрэ хадэм йохьэ. Мышэ мэдыхьэшх:

- Гуэгуш щхьэзэ, сыт иджы хьэсэ псыфыжьым уцIыхэджадэр? Абгуэ уэхабэшхуэм уизагъэркъэ, къэкIухь лъакъуэжь! Зэт... Догуэт...

Гуэгуш анэм и абгъуэр Мышэ зэи илъэгуатэкъым.

- Джэдэщыкlуэ щIалэ цIыкIути сымыIгъэгужар! - жиIэурэ нанэ ар къыIуигъэщтырт. «Дауи зы гъэщIэгъуэн гуэр щIэнрэ щIэ абе... Зэ сыплъэнти!» - хьэфэ ботитIым йоувэри, Мышэ джэдэщымкIэ мажэ. Бжэм щынэсым къоувыIэри зеплъыхь, ауэ «гъэщIэгъуэныр» игу пыкIыркъыми, «жьгъумп!» - жиIэу джэдэщым зыщIегъахуэ. КIыфыбзэщ. Мышэ и нэхэр еуфыцI, зэтрехьжри зеплъыхь.

- Уохьо! Плъэгъуэ мыв! - мэкIуатэ ар.

Абгуэжри хужь къуреишхуэхэр изу илъщ. Мышэ мэгупсысэ:

- Зэхуэдизыпсу дэнэ мы пIащэжьхэр къыздикIар? Джэдыкlуэи? НтIэ, Iейуэ... СщIэркъэ сэ джэдыкIэр зыхуэдэр! Хьы! Зэт... Догуэт... Джэдыкlэшхуэмэ-щэ? - мэIэбэ Мышэ.

...Уэрамым ирижэ псыхьэлыгъуэ цIыкIухэр ботитIыкIэ зэблиутхыкIыурэ Мышэ Дахэлинэхэ дежкIэ зэпрож. Кузбжэм щеIунщIым, хьэр банэу къыщIопхъуэ, абы ирихьэлIуи бжэщхьэIуи къытохьэ Дахэлинэ:

- Мыр сытым укъытхуихьа, лIы цIыкIу? - къыщогуфIыкI ар. - НакIуэ-накIуэ, зумыгъэуфэнщI, - жиIэурэ къыщIыэбэкIэ:

- Линэ, мыр слэпхоу, - жери и Iэгъуапэр хуеший.

Мышэ и Iэгъуапэм къищ джэдыкIитIым еплъурэ Линэ:

- Сыт мы къепхьэкIэр? Дэни къипха?

- Гуэгушым къыфIэзды...., къеIыс... Абгуэм илъти, сэ езым къэсщтащ! - Мышэ и натIэ къыщIоплъ.

- А, сымыIгъэт! Къуртым укIэщIэIэбауэ ара?!

- Араскъым-тIэ.... Къуртыр щIэстэкъым.... ЗыщIыпIэ кIуат!

- Ы-хь-ы. Абгуэм куэд илъ мыпхуэдэу?

- Къомбэу... Iэджжьы... Сэ тIу къудейщ къыхэсхар...

- ГурыIуэгъуэщ. Уемыдусамэ нэхъыфIт, цIыкIу. Сыту пщIыну мыр?

- Дгъавэурэ тшхынщ, аракъэ?

- Аркъым, нэпIыжькъ, - мэдыхьэшх Линэ, - къуртым къыфIэбдыгъуар тшхымэ, тIури уэгуш дыхъынущ... Пщlэрэ ар?

Мышэ и пэр къыпылэлащ: «Аращ сыт щыгъуи... Псори сфIыщэхозэрыхь. Иджы сыт? Нанэ джэдыкIэхэр иб-жынущи - мэ! Дадэ сыжриIэжынуци - мэ!»

- Аркъым дэ тщIэнур, - жеIэ Линэ, - иджыпсту ди Iэхэр дотхьэщIри, сэ зы IэфI гуэр пхузопщэфI, апщIондэху уэ мо пIэм удопщейри, сурэт иботхъэ. Хъункъэ?

Мышэ и щхьэр ещI.

Дахэлинэ пщэфIауэ тепщэчхэр хъидихыт, ауэ Мышэ зишыхьыжарэ и Iупэ цIыкIухэри зэтехуауэ жейрт:

Мэскухъанрэ Дахэлинэрэ джэдыкIэшхуэхэр абжри ябж, абжри ябж! Мэскухъан мэгуфIэ. Дахэлинэ мэдыхьэшх...

Мышэ и Iэгъуапэр икъуэурэ мэлъаIуэ:

- Ялыхь-Ялыхь, мо тIури хегъабжэ; Мо тIури...

Ди газетым зэрытетащи, мазаем и 19-м Москва дэт Союзхэм я Унэм и Колоннэ пэшым Урысейм гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и артист ХьэIупэ Джэбрэ́Iил къыщэрлъхуэр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа пшыхь дахэ щекIуэкIащ.

ХьЭIУПЭМ Щедрин Радион хуитха «Къэбэрдей щIалэгъуалэ» увертюрэмкIэ къыщэIуахащ пшыхьыр.

КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэбэрдокъуэ Мурат** и «Шэрджэс къафэхэр. Удж. Къафэ» лэжьыгъэр и егъэджакIуэм тыгъэ щыхуищIащ а пшыхьым. ХьэIупэм иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэр и егъэджакIуэ, ныбжьэгъу пэж Клюзнер Борис хуитха «Сказки седых гор» симфоние тепIъэгъуэмкIэ зэхуащIыжащ.

- Урэрджьыакlуэ телъыджэ Щэныбэ Нэфисэт псалъэ дахэу щыIэр хуэфащэщ, абы игъэззэщащ Къэбэрдокъуэ Мурат зэлэжьыжахэу къэбэрдей хъыджэбэ уэрэдит, - щыжиIащ ХьэIупэм и интервьюм.

- Гульытэ щхьэхуэ яхуэфащэщ дирижёр щIалэ Голиков Михаилрэ абы и «Таврическэ» оркестрымрэ: хуабжьу лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ.

ХьэIупэм ехъуэхъуну пшыхьым еблэгъат Урысейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Калимулин Рашид**, Профсоюз Щхьэхуитхэм я Федерацэм и унафэщI **Шмаков Михаил**, КъБР-м и Профсоюзхэм я Iэтащхьэ **Амщокъуэ ФатIимэт** (ари сэрэп хьэщ пшыхьыр къызэгъэпэщыныжмкIэ), КъБКъУ-м и президент **Къарэмырзэ Барэсбий**, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэ **Быкъыш Ратмир**, КъБР-м ТранспортымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Кьудей Арсен** сымэ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** Адыгейм щагъэхьэзыра шыкIэпшынэ тыгъэ хуищIащ ХьэIупэм.

«Хуабжьу сызыхуэныкъуэ хущхьэгъуэщ нобэ зэсхьэлIар. ФIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуэйт жэрдэм ящIу Iуэхур къызэзыгъэпэщахэу зэзэмызэ зэIащIэурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ, лэкъум и гъусэу.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ): прунжу - г 150, псыуэ - г 280, шатэпсу - г 200, шыгъуу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ еудауэ хугу пIастэ

Хугум шхынигъуэ къыщIыхащIыкIкIэ ар щIалъэсыр фIейр храгъэхын къудейркъым, абы дыдж тIэкIуи хэлъщи, ар псым щIелъэсыкI. Псы къэкъуалъэм хугу лъэсар хакIутэ, и щхьэм къыдрихьеяхэр чымчыркIэ къытрах, мафIэр цIыкIу ящIри шыуанащхьэр тепIауэ дакъикъэ 15-20-кIэ ягъавэ. Хугу вам, бэлагъкIэ псынщIэу зэIащIэурэ, нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIа ираудри аргуэру дакъикъэ 15-кIэ трагъэт. ПIастэр хьэзыр хуьамэ, шыуан джабзм къыкIэрыщIэту, бэлагъыми кIэрымыпщIащэу щыты-нущ. ПIастэ жьар тепщэч гъущэм иралъэри, Iэр псы щIыIэм хащIыурэ псынщIэу яубэ Iэпалпэ къытемынэу. Хугу пIастэр нэхъ зэкIур лым, джэдкъазылым, гъэшхэкIхэм къыхащIыкIа ерыскъыгъуэхэрщ.

Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ): хугуу - г 300, псыуэ - г 1100, нартыху хьэжыгъэу - г 40.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Къуажэхьхэр

Псыхьэ мыкIуэ пэгун цIыкIу

Лэжьыгъэм щыщынэу,
Шхэн хъуамэ, емынэу.

ЩIалэгъуалэм я хъуэпсапIэ,
НэхъыжьыфIхэр зыгъэлъапIэ.

ЛъаIуэхэм кърату,
Къезытахэр щIэлъэIуэж.
Псыхьэ мыкIуэ пэгун цIыкIу.

ЗэкIуэцIалъхьэмэ, зэуэкIуэ,
ЗэкIуэцIахмэ, лэжьакIуэ.

Унэм къыщIэкI,
Хьэуам пхрыкI.

ЗЭУАПХЭР:
Щхьэнэ Iуфэ. Iэнэхьэлъэ. Щlыхьэ Iуфэ. Iэнэхьэлъэ. Щlыхьэ Iуфэ. Iэнэхьэлъэ.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● Псалъэжьхэр

Цы Iуданэм вы егъэлъэпэрапэ

♦ **Аргъуей пэтрэ аслъэным и лъыр иреф.**
♦ **Бадзэрэ вырэ зэпокъу.**
♦ **Цы Iуданэм вы егъэлъэпэрапэ.**
♦ **Псалъэ дыджым уз къыхокIри, хущхьэу дыджым узыр егъэхъуж.**
♦ **Мыущий ущиинкIэ Iэзэщ.**
♦ **Хьэр яуклынм, хьэщхьэрыIуэу ягъэIу.**
♦ **УфийIкIэ уафэм нэсыркъыми, укIийкIэ вым зэхихыркъым.**
♦ **Шыпсыранэ пэтрэ зы дахэгъуэ иIащ.**
♦ **ШейтIанри, жьы хъумэ, муслъымэн мэхъуж.**
♦ **КъуанщIэм нэ хущIати, набдзэ жиIащ.**
♦ **СопIащIэ жьыпIэу шы лъэхъа умышэс.**
♦ **Уи кIэ зэрымыкIынум уи щхьэ иумыIу.**
♦ **Блэжьыш бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтыщ.**
♦ **Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсц.**
♦ **Гугъу уеяху къэблэжьыр IэфIщ.**
♦ **Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**

● ГушыIэ

Инатыр щыту малIэ

Зыгуэрым, жиIэр пэж яфIищыну, «лэныстэщ» жиIэрт.

Псоми «лэныстэкъым» жаIэрт. Езым зэпымыууэ:

- Лэныстэщ! Лэныстэщ! Лэныстэщ! - жиIэрт.

ЖрамыгъэIэн щхьэкIэ, къащтэри псым хадзати, и Iэр къыхиигъажауэ, и Iэпхъуамбэхэр лэныстэм хуэдэу зыIуигъабзэрт.

Топ зырыз яхуэвгуэш

Хъуэжэ топджэгум кIуэкхэм здашащ. Джэгуныр зэфIэкIа нэужь къежьэжри:

- А зы топ закъуэм зыр зым жьэхэуэу, еIунщIу, зафыщIыжу къыщIыкIэлъагъэжьыр сыт?! ЕплъхэрИ ямыгъэгуэвэу топ зырыз зэрагъэпэщу тэмэму щIэмыджэгуэр сыт? - жиIэурэ къэкIуэжащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.
Зеикъуэ къуажэ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Прунж, шатэпскIэ щIэгъэвауэ

Прунж лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэри кьытрах. МафIэр щабэ ящIри, зэззэмызэ зэIащIэурэ, тхъурымбэри кьытрахыурэ шыуанащхьэр тепIауэ ягъавэ хьэзыр хъуным нэблагъэху, псы зыри къыщIэмыынэжхыу. ИтIанэ, зэIащIэурэ абы шатэпс щIакIэри зэ кьытрагъэкъуалъэ, иужькIэ мафIэр щабэ ящIри, шыуанащхьэр тепIауэ, зэззэмызэ зэIащIэурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ, лэкъум и гъусэу.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ): прунжу - г 150, псыуэ - г 280, шатэпсу - г 200, шыгъуу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ еудауэ хугу пIастэ

Хугум шхыныгъуэ къыщIыхащIыкIкIэ ар щIалъэсыр фIейр храгъэхын къудейркъым, абы дыдж тIэкIуи хэлъщи, ар псым щIелъэсыкI. Псы къэкъуалъэм хугу лъэсар хакIутэ, и щхьэм къыдрихьеяхэр чымчыркIэ къытрах, мафIэр цIыкIу ящIри шыуанащхьэр тепIауэ дакъикъэ 15-20-кIэ ягъавэ. Хугу вам, бэлагъкIэ псынщIэу зэIащIэурэ, нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIа ираудри аргуэру дакъикъэ 15-кIэ трагъэт. ПIастэр хьэзыр хуьамэ, шыуан джабзм къыкIэрыщIэту, бэлагъыми кIэрымыпщIащэу щыты-нущ. ПIастэ жьар тепщэч гъущэм иралъэри, Iэр псы щIыIэм хащIыурэ псынщIэу яубэ Iэпалпэ къытемынэу. Хугу пIастэр нэхъ зэкIур лым, джэдкъазылым, гъэшхэкIхэм къыхащIыкIа ерыскъыгъуэхэрщ.

Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ): хугуу - г 300, псыуэ - г 1100, нартыху хьэжыгъэу - г 40.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** ЩIым гъуэ кIу щыэщIэ, хьэпIащIэкэр зи щхьыныгъуэ, зи нэхэм щIагъуэу ямылъагъу псэущхьэ щIыкIу. ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ, зэрызрагъэщIэращIэ хьэпшып щIыкIу. **6.** Сымаджэр къанэри ... лIащ. **7.** Адыгэш къабзэ. **8.** 2008 гъэм Китаймэ щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщIэзыхьа адыгэ щIалэ. **9.** ГъэшхэкI. **12.** Адыгэ генерал е Мыщэ и къуэ ... **13.** ... гъэхъуж. **16.** Уэ ... хэлъхьи, сэ берычэт ныхэслъхьэнщ. **17.** ЕсщIар сщIэркъым, ди гъунэгъу лIыр ... джабзкIэ къызоплъ. **18.** ... гъущэрыпIэр фызэ игъэпIъа лIырэ. **19.** ТхакIуэ-усакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, КIэрэф Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф, Мэзыхэ Борис, Къуныжь ХьэIишэт, Брай Адэлбий, Апажэ Ахьмэд сымэ я кIуажэ. **22.** ПыIэ ... **23.** Вы бжьакъуэм тести, абы жиIаращ: «Довэ». **27.** Зи хъулыкъур къызыIурыIэфIауэ илъэс Iэджж щIауэ лажьэ цIыхум фIыуэ илъагъу унэлъащIэ. **29.** Хъуацэчыцэ. **30.** Автомашинэм, лъакъуэрыгъажэм, шыгъум я зы Iыхьэ. **31.** ЖьантIэм ущIэмыкъу, пчъэфащэмэ ... **32.** Iэпхъуамбапщэм и гъумагъым (кIыхьагъым) хуэдиз хъу щапхъэ. **33.** «ФIыщIэ» псалъэр нэгъуэщIу зэрыжаIэ.

Къехуу: **1.** ЦIыху щыIэрысхэм фIыуэ ямылъагъу зэман. **2.** ЕхыпIэ задэ, нэпкъ. **3.** Члисэхэм ... пыщэщыжыгъуэщ. **10.** Хьэхуэ - ... жысIэми, си унэ ныкъуэщIыр и кIэм нэзгъэсащ. **11.** Зи кIапэ лъэныкъуэр упIащIа гъущI кIапэ, пхъэ иризэгъауду. **12.** Гъатхэм пасэу ди щIыпIэм къэпъэтэж къуалэбзу. **14.** А цIэр фIащауэ ди республикэм щыIэщ къуажитI: зыр Бахъсэн районым, адрейр - Джылахъстэней щIыналъэм. **15.** МафIэ бзий къыдидзу, уафэм къыщIоуэ. **20.** ... топ. **21.** Ди щIыпIэм щыбзагъуэ къуалэбзу. **24.** Нартхэм я бжьамиящэ. **25.** Пасэрей фоч. **26.** ПхъэмкIыхьзыкI бжэмышх цIыкIу. **28.** ТхакIуэ, еджагъэшхуэ МафIэдз Сэрэбий ... щIэныгъэхэм я докторщ. **30.** Аргъынэ кIыхьыр и жагъуэщ, ... кIы гъуанэр и щIасэщ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Гулъэ. **5.** Къаз. **6.** Къэб. **8.** Аушыджэр. **9.** Думэн. **10.** Махъшэ. **11.** Балъкъ. **13.** Щэбэт. **16.** Хьэжы. **17.** Жумарт. **18.** Мудрэн. **22.** Анэл. **23.** Щхьэхуэ. **24.** Мыхъур. **27.** Сэшхуэ. **29.** Пыпхэ. **30.** Iэныстэ. **31.** Нэд. **32.** Пхъш. **33.** Къыкъ.

Къехуу: **1.** Къулъшыкъу. **2.** Бланэ. **4.** Фермэ. **5.** Къэдабэ. **7.** Бжьэдыгъу. **12.** Къамыл. **13.** Щэращ. **14.** Бо. **15.** Теунэ. **16.** Хьэрэм. **19.** Бахъсэн. **20.** Уэ. **21.** Ермэлы. **25.** Джэлэс. **26.** Апэсы. **28.** Шырыкъу.

● ЖьIэгъуэхэр

♦ **Мы зэзмыпэсым мыIэрысэ хуэфащэкъым.**
♦ **Уи псалъэри уи мылъкум хуэдэу зэгъэзэхуэн хуейщ.**
♦ **Сабий макъ зи пщIантIэ къыдэIукIыр унагъуэ насыпыфIэщ.**
♦ **Сабийм и дзэр узу къокI, балигъыдзэр гызу Iуач.**
♦ **АргъынэкIэ уэдым Iэмбатэ пшэр зэи къуиныкъуэкъым.**
♦ **ИкIи ужьмэ, икIи ужьеймэ, хэт уи гугъэ къыпхуеижьр?**
♦ **Мылъку фIэкIа илъагъу хъууэ дунейм зыри теттэкъым.**
♦ **ЩIыхуэ къищтэнрэ унэ ищIати, унэр ищэжри щIыхуэр ипшынижащ.**
♦ **Зыгуэр хуэныкъуэу къэмыхъуам, гукъуэу щIиIэу ищIэркъым.**
♦ **Мылъку зэхуэпсэфэсыным цIыхухэри цIыхугъэри фIигъэкIуэдат.**
♦ **Уи щхьэм къэмысауэ мафIэм исри, псыр зыщIэуари зэхэпщIэнукъым.**
♦ **Къару сиIэщ жыпIэу акъыл зиIэм зытумышащIэ.**
♦ **Псым урихьэжьа нэужькIэ, есыкIэ пхузэгъэщIэжынукъым.**
♦ **Зи ишэгъуэр и чэзум евгъашэ, зи къэшэгъуэм зэи фыпэрымыуэ.**
♦ **Насыпыр лэгъупыкъум и плъыфэхэм нэхъыр нэхъыбжэу зэхэлъщ.**
♦ **Насыпыр жьыуаIэр узыхуэи псомкIи псэр гъэнщIамэщ.**
♦ **БлэкIам кIэ пыткъым, укIэлъыпхъуэкIэ къыпхуэубдыжьынукъым.**
♦ **Жьэм хужьмыIэр, къыбжезыIэфынур нэхэращ.**
♦ **Сом чэму сом мин щыIэкъым.**
♦ **Сыт хуэдэ фащэри цIыхум къыхуэзыхьыр зэманращ.**
♦ **Дахагъэр - Iэпкълъэпкъым, гуапагъэр псэм хэлъщ.**
♦ **ЗимыIуэху зезыхуэр зэи Iуэхуншэ хъуркъым.**

КIУРАШЫН Алий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласа Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, ХьэжыкъарэАлик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Газетым и Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №252

Газетым и Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Газетым I э тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Газетым и Iэ